



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 6 novanm 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ REZISTANS TANPÈT \$13.6 MILYON DOLA POU IZIN TRETMAN
EGOU BERGEN POINT**

***Pwojè Konte Suffolk se premye pou resevwa finansman anba pwogram prè pou redwi dega tanpèt
nan Eta New York***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Konte Suffolk pral resevwa premye prè \$13.6 milyon dola nan pwogram Prè pou redwi dega tanpèt pou amelyore dlo sal ak rezistans tanpèt nan izin tretman egou Bergen Point nan Konte Suffolk. Prè a konpoze de 3.2 milyon dola sibvansyon ak \$10.4 milyon nan finansman san enterè pou konte Suffolk sa ki te apwouve jodia pa Konsèy Administrasyon Environmental Facilities Corporation.

“Gwo tanpèt sandy te montre nou enpòtans pou ranfòse pwo-aktivman enfrastrikti nou kidonk li ka pi rezistan a move tan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Prè sa se dènye nan yon seri aksyon Eta New York te antreprann pou ede Long Island ranfòse rezistans litoral li kont pwochen tanpèt yo e li pral pèmèt konte Suffolk amelyore enfrastrikti dlo sal ak dlo lapli l. Sa a se yon lòt fason ke New York ap rebati pi byen.”

“Gouvènè Cuomo te kreye pwogram prè pou rediksyon dega tanpèt pou ede gouvènman lokal yo nan ranfòse rezistans alontèm pou etablisman tretman dlo sal ak potab nan zòn yo ki te afekte pa siklòn Sandy,” te deklare Matthew J. Driscoll, Prezidan ak PDG Environmental Facilities Corporation. “EFC rete angaje pou travay avèk lidè minisipal nou yo nan Konte Suffolk ak nan tout Eta New York pou pwoteje sante piblik ak anviwonman pandan lap fòtifye kalite sistèm dlo nou an pou reziste a efè pwochen tanpèt yo.”

Pake \$13.6 milyon dola pral finanse amelyorasyon nan izin tretman dlo sal Bergen Point nan Konte Suffolk sistèm ponp anbouchi a. Modènizasyon an gen ladan ranplasman twa inite ponp epi enstale yon katriyèm ponp tounèf ansanm avèk nouvo kontwòl elektrik, sistèm mekanik, ak refoulman. Pwojè a pral elaji kapasite tretman ak amelyore efikasite operasyonèl nan izin tretman dlo sal, pandan lap egalman ranfòse ak pwoteje enfrastrikti l kont pwochen inondasyon ak lòt dezast natirèl yo.

Pri total pwojè a se \$14.5 milyon dola, ki finansse pa \$13.6 milyon dola pake eta, \$1.3 milyon obligasyon konte Suffolk ak \$510,000 nan kontribisyon minisipal yo. Yo espere pou pwojè konstriksyon an kòmanse ane sa a.

Pake Environmental Facilities Corporation la konplete resan anons Gouvènè Cuomo sou ekspansyon sistèm egou Bergen Point pou sèvi plizyè milye kay ak biznis anba yon plan finansman \$383 milyon dola eta. Bi ekspansyon an se pou ranplase sistèm septik aktyèl la avèk nouvo sistèm egou, sa kap redwi polisyon azòt kap degrade litoral Long Island. Li pral egalman ede kreye yon baryè natirèl pou onn tanpèt ak inondasyon.

Nan konsekans gwo tanpèt sandy, finansman pou pwojè rediksyon dega nan New York ak New Jersey te otorize pa Lwa 2013 sou Afektasyon Sekou Federal nan ka dezaz. Yo te atribye finansman federal la ki baze sou gwo popilasyon an nan konte yo deklare dezaz la. New York te resevwa \$340 milyon dola, oswa 59.7 pousan nan fon yo, pou pwojè rediksyon inondasyon nan etablisman dlo sal ak nan izin dlo potab yo.

Pwogram prè Rediksyon Tanpèt Eta New York la bay yon total \$408 milyon dola nan èd ki te administre pa Environmental Facilities Corporation, ansanm avèk Depatman Konsèvasyon Anviwonman ak Depatman Sante. Pwogram Prè rediksyon Tanpèt la disponib tankou yon 25 pousan sibvansyon ak 75 pousan prè zewo enterè. Etablisman Enstalasyon dlo sal ak dlo potab yo ki te afekte pa gwo tanpèt sandy nan 14 konte Eta New York yo kalifye pou pwogram finansman, ladan yo genyen konte Bronx, Greene, King, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester.

Environmental Facilities Corporation bay prè a ba pri pou ede gouvènman lokal yo ofri gwo amelyorasyon nan enfrastrikti dlo sal ak dlo potab. EFC jere pi gwo fon renouvèlman Eta nan peyi a pou pwojè dlo pwòp ak potab, bay plis pase \$17 milya nan finansman a ba pri ak sibvansyon a gouvènman lokal yo depi 1990. Ane sa a make 25yèm anivèsè Fon Renouvèlman dlo pwòp Eta New York. Ane sa a sèlman, EFC te apwouve finansman plis pase \$2 milyon dola nan enfrastrikti ak amelyorasyon.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Devastasyon gwo tanpèt sandy te anseye nou ke nou dwe rebati New York nan yon fason ki pi rezistan ak pi solid kidonk nou pap osi vilnerab nan pwochen tanpèt yo. Modènize izin tretman dlo sal Bergen Point nan anbouchi sistèm ponp lan pral ede rann konte Suffolk pi rezistan nan redwi pwochen inondasyon yo ansanm avèk pwoteje kalite dlo nan gwo bè sid yo. Mwen kontan dèske EFC te priyorize ak apwouve yon prè pou pwojè enpòtan sa a; se jis kalite pwojè alèjman nou gen nan lespri nou lè nou tap elabore Pwojè-lwa soulajman Sandy.”

Depite Tim Bishop te deklare, “Modènize enfrastrikti a se yon etap enpòtan nan minimize potansyèl danje pou pwochen tanpèt yo. Plis sistèm nou an rezistan, se plis chans yo genyen pou rete anliy oswa anmezi pou retounen anliy byen vit. Mwen kontan paske Gouvènè Cuomo ap kontinye jwenn fason pou ogmante asistans federal pou asire achèvmman kalite pwojè sa yo.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Rezistans tanpèt enpòtan nan pwoteje enfrastrikti nou kont pwochen tanpèt yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te bay yon fwa ankò angajman l pou rebati ak rann kominote nou yo pi solid pase anvan.”

#

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride